ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЕЙ ГАЗЕТ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№14 (21.172) ● 2008 гъэм щIыщылэм (январым) и 25, мэрем ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Урысейм и студентхэм я махуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен еджакIуэ щIалэгъуалэм

# Зэрызахуигъазэр

РЕСПУБЛИКЭМи еджакIуэ щIалэгъуалэм сохьэхьу Урысейм и студентхэм я махуэмкIэ. Урысей Федерацэм и Президентым и УказкIэ 2005 гъэм згъэуба а махуэ гуфIэгъуэм япэ урысей классикэ университет - Ломоносов М.В. и цIэр зезыхьэ Москва къэрал университетыр - къыщыгъэIуахам пыщIа тхыдэ лъабжьэ иIэщ.

ЛIэщIыгъуитIрэ ныкъуэм кIриубыдэу ди къэралым щыгъэтеуващ Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм папщIэ ГъщIагъэлIхэр зыгъэхьэзыр профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэм и системэ.

БлэкIа илъэсым ирихьэлIащ ди республикэм и вузхэм я лэжьыгъэм пыщIа пIалъэ хьэлэмэтхэр: Бэрбэч Хь.М. и цIэр зезыхьэ къэрал университетыр кьыгъэзэIуахэр илъэ 75-рэ, ар и лъабжьэу классэу гъэтIылъэ зиI э университет кьыгъэзэрагъэпэщыр илъэ 50, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и япэ Президент КIуэкIуэ В.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академиер кьыгъэзэIуахэр илъэ 25-рэ ирикъуащ.

А юбилей гуфIэгъуэхэр гъэтхъэпIэным пыщIауэ ирагъэкIуэкIа Iуэхугъуэ куэдым наIуэ кьащIащ ди студент щIалэгъуалэм зэфIэкIышхуэ зэракъуэлъыр икIи а зэфIэкIэр едэжним, щIэныгъэ Iэнатlэм, кьызэрыкIуэ гъащIэм тэмэму кьызэрыщагъэсэбэпыр. Гъэ къэс студенту нэхьыбэ хохьэ жылагъуэ Iуэхуэхр дгъэжкIыным, социальнэ мыхьэнэ зиI э проектхэр гъэзэщIэным. Абыхэм щыхьэт текIуащ илъэс блэкIам кIриубыдэу ди республикэм щрагъэкIуэкIа щIалэгъуалэ зэхьыхьэшхуэхэр.

А псоми быдэу уи фIэщ ящI ди вузхэр кьэзыухэм я щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ езыхэр щалъхуа республикэм, зэрыщыту ди къэралым зегъэужьыным хуэунэтIауэ кьызэрагъэсэбэпынур.

Дэтхэн зи студентми сохьэхьу едэжним, щIэныгъэкъэхутэныгъэ IэнатIэми, творческэ лэжьыгъэми ехьулIэныгъэ инхэр щIэну.

## Къанокъуэ Арсен и сайтыр нэхъыфIхэм хабжэ

**Урысейм и цIыху нэхъ цIэрыIуэ дыдэу 8614-м я электрон напэкIуэцIхэр зэрыт VIPerson.ru сайтым (www.viperson.ru) кьызэрилытамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен и напэкIуэцIым 60-нэ увыпIэр иIыгъщ. Къэхутэныгъэхэр «Nasledie.ru» информацIэ-аналитикэ порталым иregъэкIуэкI. «viperson.ru» сайтым итщ политикэ лэжьакIуэ нэхъ цIэрыIуэхэм ятеухуа тхыгъэхэр, абыхэм я биографиехэр.**

ИЩХЬЭКIЭ кьыщыгъэлъэгъуа цIыху цIэрыIуэхэм яIыгъ увыпIэр ягъэбелджылын папщIэ япэ ирагъэщыр абыхэм я интернет напэкIуэцIхэм епль цIыхухэм я бжыгъэщ. Мыбыхэм яхэтщ властым и федеральнэ органхэм я унафэщIхэр, щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр, УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэр, иджырей Урысейм кьулыкъушхуэ щызыIыгъ нэгъуэщI цIыхухэр. Мы сайтым КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен щащхьэпрыкIащ политикэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэу УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщым и кьуэдзэ Жириновский Владимир, Краснодар краймэ и губернатор Ткачев Александр, Урысейм и ФСБ-м и директор Патрушев Николай, Москва областым и губернатор Громов Борис, нэгъуэщIхэми. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, сайтым увыпIэ пэрытхэр щалыгъщ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир, УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ кьуэдзэ, УФ-м и Президентым и кандидату кьагъэлъэгъуа Медведев Дмитрий сымэ.

*КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапlэ.*

## Законодательствэм халъхьа зэхъуэкIынигъэхэр

**●КъБР-м и Парламентым**

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м кьыштащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIынигъэхэр хэтхъэным и Iуэхукlэ» КъБР-м и Законыр. Абы ипкъ иткIэ зэхъуэкIынигъэхэр зыхахьхьэнухэм ящыщщ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Iуэхукlэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кьулыкъуэхэр зыIыгъахэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кьулыкъым и къэрал кьулыкъущIэу щытахэмрэ зыIыгъахэмрэ щыIэныгъэхэр кIыхьэ кьыхэзыгъэгъэнэщым и Iуэхукlэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан кьулыкъым и къэрал пенсэкIэ кьыхэзыгъэгъэнэщым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан кьулыкъым и Законым хэтыгъэ Iуэхуэ щIыкIэм зэрыгъэгъэнэщ щыкIэм и Iуэхукlэ» КъБР-м и Законым хэтыгъэ Iуэхуэ щIыкIэм зэрыгъэгъэнэщ щыкIэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и Унафэщым и Iуэхукlэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кьулыкъуэхэр зыIыгъахэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кьулыкъущIэу щытахэмрэ зыIыгъахэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кьулыкъым и къэрал кьулыкъущIэу щытахэмрэ зыIыгъахэмрэ щыIэныгъэхэр зыхуэдэхэрщ. Абыхэм ятеухуауэ сыт кьыщежIэфынур?*** **Жанатаев Сэлим:**

- «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кьулыкъуэхэр зыIыгъахэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кьулыкъущIэу щытахэмрэ къэрал пенсэкIэ кьыхэзыгъэгъэнэщ щыкIэм и Законым халъхьа зэхъуэкIынигъэхэм ягъэбелджылы КъБР-м и къэрал кьулыкъуэхэр зыIыгъахэмрэ, КъБР-м и къэрал кьулыкъым и къэрал кьулыкъущIэу щытахэмрэ республикэм и Парламентым и депутатхэм ящыщу зыхуэфащэ илъэс бжыгъэм хуэдизкIэ зэрылэжьам папщIэ «Урысей Федерацэм зэрылэжьам папщIэ щат пенсэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ законым ипкъ иткIэ пенсэхэр езыгъэгъэнэнущ хуитыныгъэ зиIэхэм апхуэдэ пенсэхэр зэрыхуагъэув щыкIэмрэ хабзэхэмрэ.

Етlуанэ упщIэр. **Законым щIэ-р сыт хуэдэ мардэхэр хагъэхьа? Къэрал кьулыкъуэр зыIыгъахэмрэ къэрал кьулыкъым и къэрал кьулыкъущIэу щытахэмрэ пенсэхэр щыхуагъэувкIэ ахэр зэрылэжьа илъэс бжыгъэм кьыхэзыгъэгъэнэну?** **Жанатаев Сэлим:**

- Мы Законыр кьащтэн хуей щIэхьуа щхьэусыгъуэхэм ящыщщ «Урысей Федерацэм зэрылэжьам папщIэ щат пенсэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ законымрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан кьулыкъым и Iуэхукlэ» КъБР-м и Законымрэ хэтэ терминхэр зэтеуэ щIыжьин зэрыхуейр. Кьапщтэмэ, «къэрал кьулыкъым и къэрал Iнатlэхэр» псалъэхэр зэрахьуэкIыжащ «къэрал граждан кьулыкъым и Iнатlэхэр» жиIэу.

ЕтIуанэрауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кьулыкъуэр зыIыгъахэм иджы пенсэхэр хуагъэувынущ аужэ къэрал Iнатlэм зэрыпэрыта илъэс бжыгъэм тещIыхьауэ. Къэрал Iнатlэм зи илъэс иримыкIу фIэкI пэрымыгъэхэм зи гугъу тщIы пенсэр хуагъэувырыкIым. Зи илъэсым щыщIэдзауэ илъэсищым нэсыху лэжьакъэм я лэжьапIэм щыщу процент 55-р, илъэсищым щIигъукIэ лэжьакъэм процент 75-р пенсэу хуагъэув.

Абы техуэ зэхъуэкIынигъэхэр халъхьащ нэгъуэщI Iнатlэ ямыIыгъыкIэ КъБР-м и Парламентым щыIэжьа депутатэм пенсэ зэрыхуагъэув щыкIэмэ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, Парламентым зи илъэс иримыкIу фIэкI щымыIэжьа депутатэм мы пенсэ лIэужьыйгъэр хуагъэувыркъым, зы илъэсым щыщIэдзауэ илъэсищым нэс щыIэжьакъэм я улахуэм и процент 55-р, илъэсищым щIигъукIэ щыIэжьакъэм - процент 75-р пенсэу хуагъэув. Езыхэр зыпэрыт Iнатlэ нэхъыщхьэм кьыщIэхъуэ депутатэм и поIомочиехэри езыхьэкIакъэм я гугъу пщIымэ, абыхэм ящыщу зы илъэсым щегъэжьауэ илъэсищым нэсыху депутату щытахэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и депутатым и улахуэм и процент 40, илъэсищым щIигъукIэ депутату щытахэм - процент 55-рэ я пенсэхэм хуащIагъу.

Иджыри къэс законым кьиубытыгъуэ щытакъым щIыхьэкIэ кьыщыщIэхъуэ лэжьакIуэхэр къэрал кьулыкъым зэрыбгъэдэта илъэс бжыгъэр икIи абыхэм пенсэу хуагъэуву щытащ езыхэм яIа улахуэм и процент 80-м нэс.

Ещанэрауэ, къэгъэльэгъуа-пхъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан кьулыкъу зыIыгъахэм илъэс бжыгъэ зэрылэжьам пэкIуэу пенсэ иратын папщIэ ахэр къэрал кьулыкъым илъэс 15 нэхърэ мынэхъ щащIэкIэ зэрыпэрытауэ щытын зэрыхуейр. Иджыри къэс а илъэс бжыгъэр цIыхубзхэм папщIэ илъэси 10, цIыхухъухэм папщIэ илъэс 12,5-рэ хьауэ щытащ.

Апхуэдэу зэхъуэкIынигъэхэр халъхьащ пенсэр зыхуэдизу щытынуми. Къэрал кьулыкъым илъэс 15-кIэ пэрытхэм папщIэ пенсэр абыхэм я кьулыкъым кьыпэкIуэу щыта мазэ улахуэм и процент 45-рэ хьауэ кьащтэ. Илъэс 15-м щIигъуу зэрылэжьа дэтхэнэ зы илъэсми хуэзэу абы агуэру процентэ 3 халъхьэж. Ауэ псори зэхэту пенсэр улахуэу яIам и процент 75-м щIигъун хуейкъым. Иджыри къэс законым хуит ищIырт къэрал граждан кьулыкъущIэхэм яIа улахуэм щыщу процент 80-м нэс пенсэу хуагъэувыну. А щIыкIэм тету, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кьулыкъым и къэрал кьулыкъущIэу щытахэмрэ къэрал пенсэкIэ кьыхэзыгъэгъэнэщым и Iуэхукlэ» КъБР-м и Законыр зыхуэфащэ федеральнэ законым нэгъэсэуэ иратъэзэтыжащ.

Ещанэ упщIэр. **А зэхъуэкIынигъэхэр ятехуэу пIэрэ мы Законым хэпIъэжащ апхуэдэ пенсэм кIуэхэм?** **Жанатаев Сэлим:**

- Къыхэзгъэщыну сыхуейщ дызытепсэлъыхь мы Законым кьару игъэтыным и пэ кьихуэу пенсэ кIуэу щытахэм яхуэгъэзауэ абы щагъэувра мардэщIэхэр кьызэрамыгъэсэбэпынур.

Гу зылытапхъэ нэгъэщI зы Iуэхугъуи щыIэщ. Мы зэхъуэкIынигъэхэр апхуэдэу ятехуэрыкъым КъБР-м и Парламентым и иджырей хэхьыгъэмрэ блэкIа хэхьигъэхэмрэ езыхэм я кьалэн нэхъыщхьэхэм кьадэкIуэу депутату хэтахэм, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан кьулыкъым и Iнатlэхэр зыIыгъэм ящыщу мы Законым кьару щIигъуэт махуэм ирихьэлIэу зи ныбжьыр илъэс 57-рэ мази 6-рэ хьуа цIыхухъухэм, зи ныбжьыр илъэс 55 хьуа цIыхубзхэм ящыщу кьэрал кьулыкъымкIэ стажу илъэс 12-рэ мази 6-рэ зиIэ цIыхухъухэмрэ илъэси 10 зиIэ цIыхубзхэмрэ.

Еплlанэ упщIэр. **Зи гугъу тщIа зэхъуэкIынигъэхэр зыкъомкIэ ехьэлIащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэм лэжьыгъэм хэзгъэзауэ хуагъэув къэрал щэсыпIэхэм, псалъэм папщIэ, законхэр кьыдэзыгъэкI органым и депутатхэр псэупIэкIэ кьызэрызэрагъэпэщым. Абыхэм щыгъуазэ дыпщIыну дыпоупсу.**

**Гилиев Борис:**

- ЗэхъуэкIынигъэхэр зыхалъхьа мы Законым и 22 статьям и Iыхьэ 3-м егъэбелджылы депутат полномочиехэр яуха нэужь лэжьапIэкIэ кьызэрагъэпэщыну хуитыныгъэ зиIэ цIыхуэр. Абыхэм ящыщщ нэгъуэщI Iнатlэ зэдамыкIу КъБР-м и Парламентым и депутатым и полномочиехэр зыгъэзэщIахэм ящыщу депутату зэрыхахам кьыхэмыкIу КъБР-м и къэрал кьулыкъым, муниципальнэ кьулыкъым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан кьулыкъым и Iнатlэм, муниципальнэ кьулыкъым и Iнатlэм (хэхьиныгъэхэм япкъ иткIэ ягъэувахэм нэмыщI) кьыIуэтэжауэ щытахэр.

Абы кьыдэкIуэу, Законым халъхьа зэхъуэкIынигъэхэм ягъэбелджылы нэгъуэщI Iнатlэ здамыкIу депутатым и полномочиехэр зыгъэзащIэхэм, КъБР-м и Парламентым и депутатым и Законым и Iнатlэ зыкIэщIэжамэ, КъБР-м и Парламентым щыIэ зэхахым ахэр КъБР-м законхэр кьыдэзыгъэкI и органым хамыгъэхъужамэ, социальнэ и лъэныкъуэкIэ яIэ щэсыпIэхэр. Ахэр ирагъэзэгъэныжащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэм папщIэ щыIэ социальнэ щэсыпIэхэм.

ПсэупIэм и гугъу пщIымэ, 33 статьям халъхьажа зэхъуэкIынигъэхэм ипкъ иткIэ депутату щытыху щIэсын папщIэ ятеупщIауэ Налпшык къалэм километр 50 мынэхъ мащIэ пэжыжьэу псэупэрщ икIи нэгъэщI кьулыкъу здамыкIу депутатым и полномочиехэр зыгъэзащIэхэрщ. Гу лывзэгъэтэну сыхуейщ, апхуэдэ депутатым ирата фэтэрыр езым и полномочиехэр щиухам щыщIэдзауэ зы маазэм кьриубыдэу ятыжьын зэрыхуейм.

Етхуанэ упщIэ. **Дызытепсэлъыхьа зэхъуэкIынигъэхэм кьару щагъуэтынур сытым щыгъуэ?**

**Гилиев Борис** :

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и правовой актхэм я Iуэхукlэ» КъБР-м и Законым ипкъ иткIэ ищхьэкIэ кьыщыгъэльэгъуа Законым кьаруегъуэт ар официальнэу кьыщытрадзам и ужькIэ махуи 10 дэкIмэ.

**БАТЫР Любэ.**



Высоцкий Владимиррэ абы и щхьэгъусэ, франджы актрисэ щIрыIуэ Влади Марилэрэ. *1968 гъэ*

## Зыми емыщхь

**Псэужамэ, усакIуэ, уэрэдус, актер щIрыIуэ дыдэ Высоцкий Владимир и ныбжьыр ноб3 илъэс 70 ирикъунут.**

ЩIыIэщ цIыху, и гъащIэр пщIэмрэ щIыхьымрэ щIигъэнаэ ирихьэлIыу, арщхьэкIэ дунейм ехьжа иужь зэуэ ящыгъупщэжу. Зи гугъу фхуэтщI Высоцкий Владимир абыхэм жыжьэуи ящыщкъым. Илъэс 42-м щIигъу фIэкIа кьэзымыгъэща а цIыхум и фэеплъыр ди къэралым и тхыдэм кьэмыкIыжыну. А пIалъэ кIэщIым абы хуэзэфIэкIащ усэ куэд иткIын, зыми емыщхь уэрэд гъуэзэджэхэр иусын, псоми гукъинэж ящыхуэу ролхэр театрымрэ киномрэ щитхъэзащIэн.

ПсэухукIэ гъуэгу ирамытами, зэрыхуэфащэным хуэдэу утыку ирамыгъэхьами Высоцкэр щIрыIуэу щытащ. Ар цIыхубэм я гум кьишхыдыкIырт, дэтхэнэми и гурыгъу-гурыщIэхэр кьехьэкI-нехьжI имыIэу кьэзыIуэтэф цIыху нэIурыт.

Хуабжьу ди гуапэ хьууэ фигу кьыдогъэкIыж Высоцкий Владимир ди лъахэм, нэхъ пыухыкIауэ жыпIэмэ, Iуащхьэмахуэ лъапэ куэдрэ зэрыщыIар, ди кьурш уардхэм ятеухуа псэм дыхьэ уэрэдхэр мыбы зэрыщыгъэхилъхьар. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, ди къэралышхуэм и щIыпIэ псоми хуэдэу абы и фэеплъыр ди республикэмкIи Iэтауэ щагъэльэпIэнущ.

**ШАЛ Мухьэмэд.**

## Цыхум тращIыхь

**Урысейм социальнэ политикэм унэтIыныгъэщIэ щегъуэт. Иджы нэхъыбэу зыгъэращIыхыр езы цIыхумрэ ар зыхуей-зыхуэфIэхэмрэщ. Араш зи гугъу щащIар Мэзкуу щекIуэкIа етIуанэ граждан форумым.**

АБЫИ ЛЭЖЬЫГЪЭМ хэтащ ди хэкуэгъу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Профсоюзхэм я Федерацэм и унафэщI, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт, РАЕН-м и академик Тау Пщыкъан.

Абы и къэпсэльэныгъэм къызэрыхигъэщамкIэ, гражданхэм общественнэ зегъэужьыным, псом хэмылэдэу я гупсысэм зегъэужьыным, зегъэузэщIыным профсоюзхэр жьыдэжру хэтыпхъэщ.

Къэралым граждан жылагъуэр щызэтеувэнымкIэ а унэтIыныгъэхэм мыхьэнэщхуэ я IэщIэ, - къигъэльэгъащ Тау Пщыкъан.

Абы и къэпсэльэныгъэм къызэрыхигъэщамкIэ, гражданхэм щыгъуэ щIэпхъэуэ араш», - жиIащ Бердыев Исмэхьил.

**УЛЬЯНОВЭ Татьянэ.**

## Къыщхьэщыжакlуэ къалыхъуэ

АБХЪАЗ. *Куржым и къэрал министрым и аппаратым иджыблагъэ дунейпсо зэгуфхэныгъэм зыхуигъэзащ Абхъаз Республикэр жэуап иращIэну къыхуриджэу. Абы и щхьэу сыгъуэр Гал районым щыпсэу Куржыкъуэр абхъазхэм зэрыщакъуэзэрщ.*

КУРЖЫМ и къэрал министрым игъэхьэзыра тхьэусыхафэм къызэрыхэщымкIэ, абхъазхэм я зэранкIэ куржы-абхъаз зэпэщIэуэвэныгъэр къызэщIэпхъэу хуежьащ. Псалъэм папщIэ, Гал районым щIэ куржы къужажэхэм лей кIэлъыгъэрахьэ, ахэр гугъу ирагъэхь. Куржы-абхъаз зэпэщIэуэвэныгъэр зэтезыIыгъэу щыналъэм щыIэ Урысей Федерацэм и миротворецхэм зэрыжаIэмкIэ, куржыхэм ягъэхьыбархэм лъабжьэ яIэхьым, Гал районми щIэпхъэджагъэ гуэри иужьрей зэманым къыщыщIэхъуащ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

## Бдзэжьейр зэхадыгъуэж

**УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Зубков Виктор дыгъуасэ тепсэлъыхьащ бдзэжьей хозяйствэ зегъэужьын зэрыхуейм.**

Мы Iнатlэм ныкъусаныгъэ инхэр щыщыIэщ. Ахэр ягъэзэкIуэжьын папщIэ правительствэ комиссэ кьызэрагъэпэщ вице-премьер Нарышкин Сергей и пашэу. Къэбгъэлъэгъуэну ирикъунут ди къэралым ильес кьэ бдзэжьей тонн мелуани 3 къызэрыщаубыдыр. Ауэ абы щыщу къэрал кIуэцIым зыщелажьыр икIи щащэр зы тонн мелуан закъэщ. Нэхъ бдзэжьей лъэпкыфIхэр нэгъэщI къэралхэм ирагъашэ. Апхуэдэ щыгъэкIуэ зэхъуэкIын хуейщ, жиIащ Зубков Виктор.

## Арэзы тохъуэ

**УФ-м и япэ вице-премьер Медведев Дмитрий Воронеж и авиазаводым щыIащ.**

Мы зэманым а Iуэхущапlэр хохьэ къьуэлъатэхэр зыщI корпорацэ иным. Урысейм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр епльащ Ил-96 хьэлъэзэхэр кьхъухьлъатэщIэм. Ар иджырей зэманым зихуэдэ щымыIэ машинэщIэщ. Ягъэ вице-премьерыр ильэгъуахэмкIэ арэзыщ.

## Псори кьащхьэу

**Блокадэ зращIэкIа я лъахэм икIи зыхуэфIкI палестинхэм мардэщIэ кьэзыгъэкIэм кьыщащхьэу ягъуэт псори.**

Ахьшэм щыхьэрхьым. АрщхьэкIэ нэгъэщI кьэзралхэм, псом япэу Египетым, кIэну зыхуэфIэкIхэр мащIэ дыдэщ. Алрейхэр хуабжьу гугъу йохь.

## ХеящIэр хоплъэ

**2006 гъэм якIауэ щыташ УФ-м и Банк нэхъыщхьэм и унафэщым и япэ кьуэдзэ Козлов Андрей.**

А Iуэхур иджыри къэс зэхагъэкIащ. Ар езыгъэхьэкIэжмрэ зыкъэкIахэмрэ япыщIа Iуэхур мы махуэхэм хеящIэм Iэрыхьащ.

## Уэс борэн

**Самарэ областым уэсыщхуэ кьыщюс.**

Борэным зэщIищтащ щыIналъэм и щыпIэ псорн. ИпэIуэкIэ школ зыбжанэ зэхуащIауэ щытащ, иджы Тольятти и Iуэхущапlэхэр етIуанэ сменэу лажьэу ядэркъым. Синоптикхэм зэрыжаIэмкIэ, мыпхуэдэ щытыкIэ махуэ зыбжанэкIэ щыIэнущ.

## Нэхъ пуду

**Новгород Ищхьэрэ къалэм Щэнхабзэмкlэ и уардунэр ящащ. 19-нэ лIэщIыгъуэм яхуэа а уардунэр кьэс кьалэм и наблюдэу щытащ.**

Мыбы дежьэнэщхуэ ящ дэ иригъэкIуэкIащ ныбжьыщIэхэр зэгъэздэжн дегъэхьэхьныкIэ. Балигъэрэ мыбы кьэкIуэрейт. АрщхьэкIэ кьалэ властхэм ар яхуэмыIыгъыж хъуащ. Апхуэдэ щытыкIэр къагъэсэбэпри, унэр хьрычтыщIэхэм иращащ сом мелуан 85-кIэ. Ар абы ипэжыпIэкIэ и уасэм нэхърэ хуэдищкIэ нэхъ пудщ. Уеблэмэ, кьалэ администрацэм и унафэщIр зэIубгу щыгъуазэкьым къэхуам.

Апхуэдэ нэмыкIытагъэр ямыдэу кьалэдэсхэм пэкIуэхэр щрагъэкIуэкI зи гугъу тщIы унэм и гупэм.

## Высоцкэм и фэепль щIыхь

**Москва и Таганскэ уэрамым тет театрым щагъэльапIэ усакIуэ, уэрэдус, актер щIрыIуэ Высоцкий Владимир и фэеплъыр.**

Щыхьу гъуэзэджэм и гъащIэмрэ лэжьыгъэмрэ теухуа спектакль ягъэуващ. Мыбы ирихьэлIэу театрым кьыщызэIуахащ дуней псом щыщIэрыIуэ суэрэтыщI Шемякин (Кьардэн) Михаил езым и ныбжьэгъуэм триухуа выставкэр.

*(ИТАР-ТАСС).*

## НОБЭ

♦ 1919 гъэм Деникин Антон и дзэхэм Налшык яубыдащ.

♦ 1908 гъэм кьалъхуащ Адыгейм уэзышIагъэр зыкъомэным и Iуэхур щызэтезыхуха, УФ-м щыIэх зиIэ и дохутыр Бэч Мэлэчхъан. 1978 гъэм лIащ.

♦ 1935 гъэм кьалъхуащ кьобэрдей усакIуэ, егъэджакIуэ Щоджэн Леонид.

♦ 1939 гъэм кьалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Бешыр Чмал.

♦ 1947 гъэм кьалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ Щад Аздэржий.

**♦ Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 7-рэ дакьикъ 33-м, кьухъажыщу сыхьэт 17-рэ дакьикъ 5-м.**

**♦ Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикъ 33-рэ.**

*IуIагъэр зыхэхьэгъэр* ШАЛ Мухьэмэд.

**Хабзэр фIымэ, бзыпхъэфIи трах.**

**●Гъэзыгъ къежьапIэ**

## Чэзыр къытльос

**Ингуш Республикэм щыIэхэтащ «Урысейр ди зэхуэдэу упщIэ» фIэщыгъэм щIэту Ищхьэ федеральнэ щIыналъэм ильэс щIыкIэ хуауэ щрагъэкIуэкI щIалэгъуалэ форумым и ди чэзыр зIуIыгъэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щыкIэгъэдкIыу форумым хэтахэщ «Зыуэ щIыт Урысейм и щIалэгъуалэ гвардием» и щIыналъэ унафэщым и Iуэхудзэ Кьэпшэ Тимур, «ИНФО++» хьыбарегъащIэ центрым и Iэтащхьэ Гериев Расул.

Нэрэн щекIуэкIащ Урысейм и Ищхьэ щIыналъэм щыпсэухэм я лъэныкъщхьэхэр фестиваль. Абы я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ гъэзэджэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ институтым и студентхэу Молэ Артуррэ Хуламханов Кьайсынрэ. ЗэIущIитIми хэтахэр я кIэщIэкIэм хъащIкIэ ищIащ.

«Урысейм и зэкъуэтныгъэм и кьежьапIэр - льэпкъым я зэныбжьэгъугъэр» зыфIаща къэралпсо программэм и Iыхьэу кьалъхьа форумыр федеральнэ щIыналъэ псоми щокIуэкI. Иджы чэзыр Къэбэрдей-Балъкъэрым кьылъысащ.

**ЛЪОСТЭН Муэ.**

**●Уэхуэныгъэхэр**

## ЦIыкIухэм папщIэ

**2008 гъэм Май куейм щахуэнущ унэтIныгъэ зыбжанэ зиIэ спорт-джэгупIэ центр. Абы и уэхуэныгъэм и мыльку халъхьэнущ «Майский» ИПК-мрэ (инновацIэ-производственнэ комбинат) Май къалэ администрацэмрэ. Псори зэхэту уэхуэныгъэм сом мелуан 12 текIуэдэнущ. Центрым ехьэлIа архитектурэ лэжьыгъэхэм иужь ихьащ.**

АПХУЭДЭУ къалэм щащхуэнущ сабий парк, цIыкIухэм я уэныщагъэм щыкIэлъыплъ физкультурнэ центр, зыгъэпсэхупIэ щIыпIэу тIу. ЗыгъэпсэхупIэхэм хэтынущ сабий аттракцион, хуринэ щIалIэхэр, Iуащхьэ джэгупIэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым и унафэкIэ 2009 -2012 гъэхэм кьриубыдэу мыпхуэдэ уэхуэныгъэхэр щекIуэкIынущ республикэм и къалэ, район псоми.

**ЖАНХЪУЭТ Зуэз.**

## Дыгъэр радыбIыкIащ

### Зэрызэдэлэжьэнум теухуауэ

АДЫГЕЙ. *Республикэм и президент Тхьэкlуэщым Асльэнджэрий щIыпIэ правительствэм и унэм иджыблагъэ щаIуащIащ «Конти» компанием и унафэщым, Къэрэшей-Налкъэ лъыхьащ Щхьэгъащэ псы Iуфlэм медицинэ центрхэр хэту щаухуэну хьэщIэщым.*

�IэщIагъэIIхэм зэрыжаIэмкIэ, хьэщIэщ комплексхэм дэтхэнэми доллар мелуани 100 текIуэдэнущ икIи абыхэм зэуэ цIыху миным щIигъу щIэхуэнущ.

«Льэныкъуитlыр дызэрыгъэпэжьэну зэгурыIуэныгъэм мыгувэу IэщIэддзэу щытмэ, ильэсрэ ныкъуэм кIриубыдэу ухуэныгъэхэр зэфIэдгъэкIынущ», - жиIащ «Конти» компанием и Iэщlагъэлl Темырболдэр Тимур.

ТхьэкIушынэ Асльэнджэрий кьызэрыгъэщащ ухуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIкIэ щIыналъэм и экологие щытыкIэм зэран хуэхьу зэрымыхъунур ухуакIуэхэм зыщамыгъэгъупщэну.

### Пцы яупс

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Ставрополь краймрэ я мусылъмэхэм я ди Iуэхущапlэм и тхьэмадэ Бердыев Исмэхьил кьызэрыхигъэщамкIэ, Кавказ Ищхьэрэм пэнкъ, дин зэпэщIэувэныгъэхэр щыIэкъым.*

КУРЖЫМ и къэрал министрым игъэхьэзыра тхьэусыхафэм къызэрыхэщымкIэ, абхъазхэм я зэранкIэ куржы-абхъаз зэпэщIэувэныгъэр къызэщIэпхъэу хуежьащ. Псалъэм папщIэ, Гал районым щыIэ куржы къужажэхэм лей кIэлъыгъэрахьэ, ахэр гугъу ирагъэхь. Куржы-абхъаз зэпэщIэувэныгъэр зэтезыIыгъэу щыналъэм щыIэ Урысей Федерацэм и миротворецхэм зэрыжаIэмкIэ, куржыхэм ягъэхьыбархэм лъабжьэ яIэхьым, Гал районми щIэпхъэджагъэ гуэри иужьрей зэманым къыщыщIэхъуащ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

**Медицинэ дэIэпыкъуныгъэм и фIагьыр узынишагъэр хъумэн ЕнатIэм федеральнэ щIалъхъэкIэ щагъэувам кIыхьпIыкIыпыр зэрырагъэкIуэкI хабзэм екъэлIа Положениэм теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2008 гъэм щIышылэм и 11-м* **№1-ПП**

«Полномочиехэр зэхэгъэщIхьэхуKыным и Iуэхур зэрырагъэфIэкIуам кIыхьэKIыу Урысей Федерацэм и законодательнэ акт язныыкIуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» 2006 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м кIащта Федеральнэ закон № 258-ФЗ-м, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Узынишагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм шышхьэIум и 24-м кIыщта унафэ №218-ПП-м япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Медицинэ дэIэпыкъуныгъэм и фIагьыр узынишагъэр хъумэн ЕнатIэм Федеральнэ щIалъхъэмкIэ щагъэувам кIыхьэрикIым кIэлъыплIыныр зэрырагъэкIуэкI хабзэм теухуа Положениэр къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Узынишагъэр хъумэныкIэ и министерствэм (Биду В.Г.) медицинэ дэIэпыкъуныгъэм и фIагьыр щIалъхъэм кIыхьэрикIым кIэлъыплIынымрэ зэрырагъэкIуэкI хабзэм теухуа Положениэм ирилажьэ щта.

3. Мы унафэр гъэзэщIа зэрыхъуэм кIэлъыплIыныр и пщэм дэлъхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ ДыщэкI М.Р.

**Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ЯРИН Андрей.**

**Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и унафэ язныыкIуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2008 гъэм щIышылэм и 15-м* **№2-ПП**

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Лжэныгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и коллегием хэтхэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м щIа унафэ №352-ПП-мкIэ кьыщтам, мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) коллегием хэтхэм мыхэр хэгъэхъэн:

Бэрокъуэ А.Хь. - Къэрал IуэхущIапIэм - Урысей Федерацэм социальнэ страхованэмкIэ и Фондым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIыIэм и унафэщIым и къуэдзэр *(эгъуэгъуэу)*;

Портэ Г.А. - Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(эгъуэгъуэу)*;

Тхъэмокъуэ А.Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Лжэныгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм Налшык къалэм щIэ, лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ щIыналъэ управленэ №3-м и унафэщIым

Щоджэн Хь.Д. - ныкъуэдыкъуэхэм я Урысейпсо обществэм и Къэбэрдей-Балькъэр республикэ организацэм и унафэщIым *(эгъуэгъуэу)*;

б) мы къэкIуэнухэм я къудыкъуэхэр къэгъэлъэгъуэн:

Амщокъуэ Ф. Къ. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Лжэныгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ

Голочалов Н.С. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Лжэныгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Лжэныгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм лжэныгъэ зэхущытыкIэхэмкIэ и департаментым и унафэщI.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и унафэ язныыкIуэхэм халъхь зэхъуэкIыныгъэхэм, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ФинансхэмкIэ и министерствэм финанс-бюджет кIэлъыплIынымкIэ и департаментым и IуэхукIэ» 2007 гъэм мэкъуауэгъуэм и 20-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм ищIа унафэ №153-ПП-мкIэ кьыщтам, я 3-нэ пунктым къару имыIэжу къэлытэн.

**Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ЯРИН Андрей.**

**Шэджэм куей псэуIэ-коммуналнэ хозяйствэмкIэ и департаментым 1991 гъэ гъэдэгъэ и ТекIуиэ Iэмырбий Лиуан и къуэр. И ныбжькIэ щIалэми, ар кьыхэзрыгъэкIуэу къуэдзэнуи, КъБКЪУ-м и инженер факультетымрэ мэкъумэщ академием экономикэмкIэ и факультетымрэ щIэныгъэ иэхъыщхьэу тIу щызрагъэгъуэтыну хуэнсащ.**

ИДжЫ АР зи унафэщI ЕнатIэм къеГъэщIыIIащ псори зэхэту унэ зэтет 46-рэ. Ахэр Шэджэм куейм и жылагъуэжу Каменка, Науран, Лащынкьэи УЧООС-р. ЦIыхьлыкIуэ дэт унэхэрщ, нэрыбгэ 3500-м я псэуплIэу. Апхуэдиз цIыхум унэ Iуэжу кIуекIуэ ямыIэн хуэдэу и ЕнатIэр зэрахъэ мыбы щылажьэ цIыху 70-м.

- Дэ къыдэгъэщIылIа унэхэм яхэтщ илъэс 60 апэкIэ яухуахэри абы нэхъ нэхъ жьыхэри. КIуэ пэтми псоми я уасэм щыхэхуэ мы зэманым ахэр зыхуей хэбгъэхэмыр Iуэку тыншкъым. Мащцхьэхэр, псы зэрызэбгрыша гъущI бкьамийхэр нэхъ «гъащIэ кIэщIи», абыхэм нэхь ди нэIэ ятедгъэтщ. Илъэс 15 -18-м нэбгырэмкIэ къэралым гуПытэ лъэпкъ кьытхуимыщIыжу зэрекIуэкIам кьыхэкIкIэ «косметическэ» жьыхуиIэм дебакъуэу «капитальнэ» ремонт едгъэкIуэкIыну Iэмал диIакьым.

БлэкIа итьэситIщым ЖКХ-м я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэн

**● Iуэхутхьэбзэкэр**

# Дзыхьыр ягъэпэж

Текiушэ Iэмырбий

зэрыхуейр жаIэ фIэкI зэхъуэкIыныгъэ гуэри дымыIэгъуу, хэкIыпIэ гуэрхэр дэ къэдгъэтыкуэр етхьэкIащ. Псалъэм папщIэ, уней ухэкIыныгъэхэр, сабий садхэр, спорт школхэр, администрацэм и унэр пщIэкIэ ремонт тщIыуэрэ, къыпэкIуа ахъшэр къэдгъэсэбэпащ.

Ди гуапэ зэрыхъуащ, 2007-2008 гъэхэм ЖКХ-м теухуауэ зэхаутыха программэм ипкъ иткIэ нэгъабэ щэкIуэпГуэ мазэм сом мелуанитI къыпГэрыхьащ. Абы и фIыгъэ Iэмырбий гуапэ зэрыщытыр ЖКХ-м и лэжьыгъэ нэхъ зыфIэкъабылу унагъуэ закъуи. ДызэреплъымкIэ, абы къеГъэпЗатГуэ мыарэзыныгъэ гуэрхэр я лэжьыгъэм къыщыхэкI щыIэмэ мо кьелIалIэ, зыгуэр кьэхъуэмэ я щхьэр зрахъэлIэ гупым щыхуэхэр арэзы зэращыр.

Къыщыщыгуфыр умыгъэпэжыныр кьызэрэмыхьэгъэщ Iэмырбий и лэжьэгъуэм зэрыщыр дзэгъэнэмэ хьэкъ щIыщащ. Шэч кьыщыIетхьэн щыIэкъым апхуэдэ гупым я лэжьыкIэр адэкIи зэрефIэкIуэнум, щIыхуэхэм кьрагъэзэ дзыхьыр абыхэм зэрагъэпэжынум.

**КIЭБЫШЭ Лилэ.**

**● Фыщцэ**

# Дэтхэнэ зыми

Сымаджэм и узыр щхьэщыщыжьк, абы хуэсакъыу ei3зэ дохутыр псэ кьабзэхэр, зэрыщIэщыр, ди мащIэкъым.

Мис абыхэм ящыщщ Налшык дэт 1-нэ поликлиникэм и дохутыр-оториноларинголог (лор) Колобова Аннэ Анатолэ и пхъумрэ медсестра Джадгъэф Залинэ Мухьэмэд и пхъумрэ.

Си узынишагъэм кIэлъыстгъэлIэныну сыщыкIуам а Iэщагъэлгl гумызагъэхэм, бзэ Iэфlхэм сазэрыпэщIэхуар насыпышхуэу кьызолъытэ. Колобовэ Аннэ кьаззуэзыр псынщIэ дыдэу икIи пэжу кьихутэри, икьуклэ кьызэгугъуу кьызэIэзащ, арэзы сыкьищIуи сигъэхьужащ. А щыкуб гъэпам, Iэпэщдэм и зэфIэкIымрэ сымаджэжьм къахуигъуэт бгъэдыхьэкIэ дахэмрэ умыгъэщIэгъуэн плъэкIыкрым. Ар иригъэшхуэу кьыхегъэщ абы игъэхъужа дэтхэнэ зыми.

Дохутыр Iэзэ, цIыху гуапэ Колобовэ Аннэ сехъуэхъуну сыхуейт и мурадыфIхэм лъэIэсыну, гъащIэм и Iэфlым щымыщIэу, и псэм фIэфIу кьыхиха Iэщlагъэ мытынщым узынщэу куэдрэ ирилэжьэну.

**ШЫД Галинэ.**
*Налшык къалэ.*

**● Жыжьэ - гъунэгъу**

# Адыгэбзэмрэ урыс щIэныгъэлIхэмрэ

**Марр Николай**

КАВКАЗЫМ бзэ щIэныгъэр кьыщIэзэзыгъэпэща еджагъэшхуэ, щIэныгъэлI, тхыдэтх, СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием, 1912 гъэ лъандэрэ Петербург Академием хэта Марр Николай Кутаиси кьалэм 1864 гъэм кьыщалъхуащ.

20-30 гъэхэм Марр и жэрдэмкIэ, Союзым хьыкъ республикэхэм я псомэ кьыщызэрагъэпэщащ терминологиемкIэ комитетхэр. А щIэныгъэлIым кьыхилъхьа Iуэхугъуэ ипкъ иткIэ, Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэр дэкIыныкIэ комитетым и лIыкIуэхэр зыхэт щIэныгъэ экспедицэхэр 1921-1922 гъэхэм Къэбэрдейм, Адыгейм, Абхъазым, Дагъыстаным, Шэшэнэм щыIащ.

Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу бгырыс лъэпкъхэм я цIыхухэр егъэджэным, абыхэм егъэджакIуэ кьаухэкIыным хуэунэтIа лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ Марр Николай. Абы и жэрдэмщ Абхъазыбзэмрэ литературэмкIэ академие кьыщIэрыIэзэрагъэпэщар (1930 гъэм ар щIэныгъэ-кьухутакIуэ институт хьуащ) .

Автоном республикэхэр щэнхабзэ-уэзщакIуэ лэжьыгъэхэмкIэ зыIуэу гугъуехьхэр зэфIэхьныкIэ Iуэху епльыкIэ пыухы кIаэр Москва щыIэ ЩIэныгъэхэмкIэ Академием и кьудамэу ЯрЕтическэ институтым и лэжьыгъэм 1923 гъэм Марр кьыхилъхьащ. ИужькIэ а IуэхущIапIэм ЩIэныгъэ лъэпкъхэм я щэнхабзэр джыныкIэ институт фIащащ, итIанэ ар и лъабжьэу кьэунэхуащ СССР-м и лъэпкъхэм я институтыр, 1936 гъэм ар СССР-м и лъэпкъхэм я бзэмрэ я тхыбзэмкIэ институт хьуащ) .

Марр Николай и IэдакъэщIэкIхэу нобэрей щIэныгъэм хуощхьэпэ «Кавказым и щэнхабзэ фэеплъхэр» (1912), «Кавказоведенэмрэ Абхъазэмрэ» (1916), «Кавказ лъэпкъ фIэщыгъэщIэхэмрэ щыпIэ зэгъэпщIныгъэхэмрэ» (1922), Абхъаз-урыс псалъалъэр, Урыс-абхъаз псалъалъэр (1926), нэгъэущIэхэр.

**Услар Петр**

КАВКАЗ бгырыс лъэпкъхэм я бзэхэм щIэныгъэ лъабжьэ етыным папщIэ зэфIихэ лэжьыгъэшхуэм ящIэ зэхъуэ и цIэр хьыкъа Услар Петр (1816 - 1878) пащтыхьыдзэм и генералу щытащ. Абы и дзэ кьулыкъум щыщIидзар Дагъыстэнырщ (1837), ауэ 1840 гъэм Петербург игъэзащIэ дзэ хуэIухуэщIэхэм пыща щIэныгъэм нэхъыбэу зыщIэгъэгъуэзэн мурадкIэ. Абы щыIэу офицер щIалэр генеральнэ штабым хагъэхьащ ИкIи ГъэмрэгъуэрэГ Кавказым кьагъэкIуэжащ, Эривань губернэм и щытыкIэм тетхьхьын папщIэ.

Илъэс 25-кIэ и ужь итащ Услар Петр и щIэныгъэкъэхутэныгъэ лэжьыгъэу Кавказым щриГъэкIуэжам, бгырыс лъэпкъхэм щэнхабзэ зыужьыныгъэ егъэгъуэтыным хуэунэтIауэ щытам. Бгырыс лъэпкъыбзэхэр джыным, абыхэм я грамматикэ зэхэтыкъэзэным Услар щыхуежьар 1861 гъэрщ, абы щыгIуэ щIэныгъэлIым кьыдигъэкIащ абхъазыбзэм теуха тхыгъэшхуэ.

ЩIэныгъэ-къэхутэныгъэ зрищIыIэ бзэхэм Услар япэ щыкIэ алфавит хуэзэхильхьэрт икIи абы лъабжьэ хуищIыр лъэхъэнэм и теориещIэхэр т. Услар Петр адыгэбзэм и макъ псори уб5ыхуауэ з кьыз3эщIэзыыбыдэ алфавит зэхигъэуващ, ар урысибзэм, хьэрыпыбзэм, ермэлыбзэм, Кьухьэпlэ Европэмкlэ щыIэ бзэ зыбжанэм зэрыригъаплIащ щапхьэхэри дэщIыгъуу кьигъэлъэгъуащ. А алфавитыращ ХьэтIохьуощкъуэ Къазий кьигъэсэбэпауэ щытар.

Услар и лэжьыгъэшхуэхэу «Абхъазыбзэм», «ЩIэныгъэм» монографиехэм 1863 гъэм ЩIэныгъэхэмкIэ Академием кьыхуигъэфэщауэ щытащ «Демидов и саугъэткIэ» зэджэр, кавказыбзэхэр джыным хуищIа хэпльхьэныгъэшхуэм папщIэ 1868 гъэм Услар Петр ЩIэныгъэхэмкIэ Академием и член-корреспондент хьуащ.

**Трубецкой Николай**

1890 ГъЭМ Москва кьыщальхуащ, абы дэт университетыр (бзэмрэ литературэмрэ я кьудамэр) кьуэхащ. Зэрыстудент лъандэрэ дихьэхауэ, адыгэбзэр куууэ ящIащ - абы и макъхэр, къэбэрдейхэмрэ кIахэ адыгэхэмрэ я бзэхэр зэрыпэхуащытыр. Араш зыгъэхуар Трубецкой Н.С. и лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр: «Исследования в области сравнительной фонетики северокавказских языков», «Системы согласных в восточнокавказских языках», «Северокавказские словарные сопоставления». Пасэрей адыгэ псыгъэхэмрэ нарт эпосымрэ я кьуэпс гуэрхэр зэрызэпыщIар Трубецкой Н.С. кьыщихутащ «Кавказские параллели к фригийскому мифу о рождении из камня» лэжьыгъэм.

ЩIэныгъэлIр адыгэбзэр джыным щыдихьэхам и щхьэгъусыгъэхэм ящыщ абы и лъэпкъымрэ Черкасскэхэрэ зэрызэIыхьлыр.

Трубецкой адыгэбзэм щхьэкIэ мыр жиIэгъащ: «А бзэм (адыгэбзэм) и макъ зэхэлъыкIэр апхуэдизкIэ тельыджэщ, плъыфабэщи, жьыбгъэ фийр, пщIащ ыпльэльыжам и щхьэщхьыр, псы уэрым и макъыр, щIым и бэуэкIэр, псыхьуэм хэлъ мывэхэр зэрызэнтIэIур, гу кьеуэкIэм и даущыр, кьуаущ зэрыгъэ я уэрэдыр, нэгъэущI куэди зэхьбох абы ущыщIдзIуэкIэ. Апхуэдэ макъамэ зэщIэжьыуэр хуэзэрыбгурыIуэнр зыщ: адыгэхэм я бзэр нэщысащ дунейм и кьэхьугъэ псори кьорипIуэтэну. Араш ар кьызэрымыкIуэу зыгъэдэхэжри».

**Яковлев Николай**

ЩIэНЫГЪЭЛI, еджагъэшхуэ, лингвистикэ и теориемрэ и кьэгъэсэбэпыкIэмкIэ Iэщlагъэлl Яковлев Николай 1892 гъэм Саратов куейм кьыщалъхуащ. Москва дэт университетыр 1916 гъэм къэзыха, щIэныгъэм хуэнэжьеиIэщ щIалэр бзэ зэмылIэужьыгъуэхэм пасэу дихьэхащ.

Совет Союзым хьыхь лъэпкъ щыIэхэм, тхыбзэ зимыIаxэм я бзэхэм папщIэ алфавитхэр зэхэзгъэувам, ахэр егъэфIэкIуэным, пэжыыратхэр гъэпсыным кьаруушхуэ ирихьэлIащ Яковлевым, абы и нэIэм щIэт зэпыту щытащ кавказ бгырыс лъэпкъхэм я бзэмрэ щэнхабзэмрэ джыныр.

Яковлевым хэлъхьэныгъэшхуэу хуищIащ адыгэ-абхъазыбзэм и макъхэр зэрызэхэлыр, и грамматикэр джыным, адыгэ литературэбзэм и грамматикэр зэхэгъэувэным, адыгэ тхыбзэр гъэпсыным. ЩIэныгъэрым гугъыр щIэхуэ ящIу щытащ кавказ лъэпкъхэм я Iуэрыуатэмрэ тхыдэмрэ, ахэр и лъабжьэу бзэмрэ щэнхабзэмрэ я блэкIамрэ нсьыкIуа гъэзэгъэнэмрэ зыхуэдэр кьипщытащ, абыхэм адрей лъпкъхэм я тхыдэм хуэIэ пыщIэныгъэхэр кьихутащ. Яковлев Николай и Iэдакъэщ1экIхэу цIэрыIуэ хьуащ нигуп лъэпкъым теухуауэ 1925 гъэм кьыдигъэкIа тхыгъэр, Европэм, Азием, Америкэм иса пасэрей лъэпкъхэм я бзэ зэпыщIэныгъэхэм, адыгэ щэнхабзэм теухуар, линвистикэ Iуэху епльыкIэхэмкIэ гъэпсауэ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ епха нэгъуэщI лэжьыгъэ куэди.

**Турчанинов Георгий**

АДЫГЭ тхыбзэм и кьэхутакIуэ емыныж, бзэ щIэныгъэхэмкIэ еджагъэшхуэ Турчанинов Георгий 1902 гъэм Санкт-Петербург кьыщальхуащ. 1930 гъэм кьухуащ Ленинград дэт кьэралым университетым и славянурыс кьудамэр. Студенту ар адыгэбзэм дригъэхьэхащ абы и егъэджакIуэ профессор Марр Николай.

Турчаниновыр нэхъ дэзыхьэхар адыгэ-абхъазыбзэхэмрэ ахэр зей лъэпкъхэм я щэнхабзэ хьуГуэфыгъуэжэмрэт. Цагъуэ Нурирэ Турчаниновым Георгийрэ адыгэбзэм и грамматикэр 1940 гъэм зэдатхауэ щытащ.

1938 гъэм адыгэбзэм и диалектхэм папщIэ кьызэрагъэпэща щIэныгъэ экспедицэм и унафэщIу щытар Турчаниновырщ. Ар Ленинград дэт кьэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмрэ теухуа лекцэхэм кьыщеджэжу щытащ. 1950 гъэм щегъэжьауэ дунейм ехьжьыу (1989), Турчаниновыр щылэжьащ СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и кьудамэу Ленинград дэтым.

Адыгэ бзэщIэныгъэм зеГъэужьыным хэлъхьэныгъэ хуищIахэм щыщщ абы Нэгумэ Шорэ и Iэдакъэщ1экIхэр иджыну, абыхэм елэжьыну, тхылъу кьыдигъэкIыну зэрыщыгъэсар. Турчаниновым Георгий и тхылъ «Открытие и дешифровка древнейшей письменности Кавказа» зыфIищам профессиям кьыщелъхьхьэ Кавказым щыпсэуа Iуэхукъэм я пасэрей лъабжьэхэр икIи шэч кьытримыхьэу кьыхегъэщ ахэр адыгэ-абхъаз гупым быдэу зэрепхар. Алмэзэу Турчаниновым кьыдигъэкIащ мэздэгу адыгэхэм я диалектыр щызэпхрыха тхыгъэр (Налшык, 1946 гъэ), «Летописный Редедя и черкесское «Редада» (Налшык, 1947 гъэ), нэгъэущI тхылъхэри.

къащIэми пэщIэувэну, цIыхухэм я гуэвэгъуэр щхьэщахыну.

Къапщтэмэ, коллективым хэбдзын яхэткъым, ауэ Iэмырбий сыщцеупщIам нэхъыжь ДыщэкI Хьэзрит, слесарь-сантехник Тхъу Тимур, сварщик Мамхэгъ Тимур, электрик Уэрыш Суфин сымэ.

Дызэрыщыгъуазэщи, языныкъуэ кьалэхэм кьыщыублащ нэ щхьэхуэхэр ЖЭК-м я дамэ кьыщIэкIрэ я щхьэ Iуэхур езыхэм я пщэ ираГъхьэжу. Хуэарэзыщу щытамэ, я щIыб хуэгъэзэнтэкъым, жьэоIэ сэ апхуэдизкIэ щхьэкIэ.

Пьэ бзэкIэм и щIэ ящIуам дэ псалъэмакъ гуэрхэр къежьати, мы Iуэхущ1апIэм и лэжьыгъэм теухуауэ унащхьэхуэзэ ирагъэкIуэкIа щIэупщIэм ящыщ1ыкIам ахэр щытыкIэр нэхъ зыфIэкъабылу унагъуэ закъуи. ДызэреплъымкIэ, абы къеГъэпЗатГуэ мыарэзыныгъэ гуэрхэр я лэжьыгъэкIэм къыщыхэкI щыIэмэ мо кьелIалIэ, зыгуэр кьэхъуэмэ я щхьэр зрахъэлIэ гупым щыхуэхэр арэзы зэращыр.

Къыщыщыгуфыр умыгъэпэжныр кьызэрэмыхьэгъэщ Iэмырбий и лэжьыгъуэм зэрыщыр ЖЭК-м и лэжьэгъуэм щIэупщIам, ар ЖЭК-м и щIыб зыфIэкъабылу щытащ. Шэч кьыщыIетхьэн щыIэкъым апхуэдэ гупым я лэжьыкIэр адэкIи зэрефIэкIуэнум, цIыхухэм кьрагъэзэ дзыхьыр абыхэм зэрагъэпэжынум.

**КIЭБЫШЭ Лилэ.**

# БЖЭIУМЫХ Хьид Хьэщауэ и къуэр

Къэбэрдей-Балькъэрым и щ э н х э з а э р э м э щIэныгъэхэр ящIыныгъэшхуэ игъэтащ. И ныбжьыр ильэс 72-м иту дунейм ехьжащ КъБР-м и цIыхубз художник, Урысейм и Художникхэм я союзым хэт, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат БжэIуМых Хьид Хьэщауэ и къуэр.

БжэIуМых Хьид 1936 гъэм фокIадэм и 3-м Тэрч районым щыщ. Арыкъ кьуэжэм кьыщалъхуащ. ЩыщIыкIум щыщIэдзауэ абы гъуэзджэм гу хуищIащ икIи 1958 гъэм Ростов дэт художественнэ еджапIэр кьиухащ. Республикэм кьыщигъэзэжа яп1 мазуэхэм щыщIэдзауэ Хьид эфIэкIкIуэ щIэр хуиунэтIащ езыр щалъхуа Къэбэрдей-Балькъэрым и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зэтегъэувэным, абыхэм зегъэужьыным.

Творчествэ зэфIэкIыщхъуэ зыбгъэдэлъа БжэIуМых Хьид лъэпкъ художественнэ гъуазджэр зэтезыгъэувахэм ящыщщ. Абы и лэжьыгъэхэр - Къэбэрдей-Балькъэрым и комсомолым теухуа скульптурэ фэеплъхэр, лъэпкъым и узэщIакIуэхэу Нэгуму Шорэ, Къузанокъуэ Жбагы, лъэпкъым и лIыхьужь Андемыркъан, адыгэ тхакIуэ Лохвищкий Михаил, осетин скульптор Сосонов Владимир, Кавказ Ищхьэрэм и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я адрей лэжьакIуэ куэдым я скульптурнэ теплъэхэр республикэм щэрыIуэ щыхуащ.

БжэIуМых Хьид и лэжьыгъэхэр музейхэм я фондхэм щахьумэ, абыхэм ахуэфэщэн увыпIэ щаIыгъщ уней коллекцэхэми.

Езым и творчествэмкIэ БжэIуМых Хьид ди лъэпкъ гуъуазджэм и мызакъуэу, зэрыщыту урысей щэнхабзэми лъэужьыфI кьыхинащ.

КъБР-м и цIыхубз художник, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат БжэIуМых Хьид Хьэщауэ и къуэм и фэеплъ нэхур абы и ныбжьэгъуэм, и благъэзэжу и Iыхьлыхэмрэ, и творчествэм дихьэхыу щыта псоми зэи ягу ихункъым.

**Къанокъуэ А.Б., Бечелов И.Б., Ярин А.В., Къэжэр А.Хь., Бгъэжьнокъуэ З.Хь., Берд Хь.А., Бозий Н.М., Бжэмбахъуэ В.А., Взрокъуэ В.Хь., Геляхов А.С., Горлов М.Н., ДыщэкI М.Р., Залиханов М.Ч., Зумакулов Б.М., Къанокъуэ С. З., Маргъуэщ А.Хь., Пэнагуэ М.А., Смертюк Б.С., Тау П.КI., Тут З.Н., Тхьэзэлыльэж М.ТI., ТхьэкIумащIэ М.Хь., Федченко Л.М., Хьэмчъокъуэ Л.Б., Црым Р.Н., Черкесов Т.А., Чеченов А.А., Шондыр О.Л.**

КъБР-м ЩIэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ ЕнатIэхэмкIэ и министерствэр «Асса» сабий къэфакIуэ ансамблым и унафэщI **Соттаев Къаншауэ Хьэждаут и къуэм** хуогузавэ абы и щхьэгъусэ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Соттаевэ Зое Иван и пхъур** зэрыпIам кьыхэзыхыу.

**● Футбол**

**КРАСНОЖАН Юрэ:**

# Дыкъыхэнэныркъым ди къалэн нэхъыщхьэу щытын хуейр

Иджыблагъэ «Спартак-Налшык» футбол командэм и радащ, арщхьэкIэ Торбинскэр нэгъэущI клуб кIэнэр кIыхьлIыхь щыхъуэм, Пилипчук и агентхэм, Iуэхур зэфIэкIыным пэмыплъэу, ар Москва командэм пащIащ. Торбинскэм и Iуэхур зэфIэкIакIэщ, абы кьыхэкIыуи Красножан хуигъэфэщащ Пилипчук Москва и «Спартакым» кьыхэхутэнкIэ хъуну.

Апхуэдэу белджылы хъуащ зи чэзу ежьэгъуэм цIыху 34-рэ зэрыздрашэжьэнр. Тыркум зыщыщIэзгъэсэнухэм яхэтщ футболист ныбжьыщIэ зыбжанэ. Премьер-лигэм щыджэгу хъунущ 1988 гъэм кьалъхуа щIалэхэри. Абы кьыхэкIыу зыхуэIуа щыIэкъым а ныбжьыщIэхэм ящыщ гуэрхэр джэгуплI губгъуэм кьелъытэ зэкIэ абыхэм куэдкIэ уащыгугъ мыхьну: псори зытещIыхьар иужькIэ топджэгу нэс кьахэкIыныкIэ щыIэ гугъапIэрщ.

«Ар ди кьалэн нэхъыщхьэу щытын хуейр премьер-лигэм зыкьыхэдгэныркъым. Ар кьыдэхъуплIэнрэ кьыдэмыхъуплIэнрэ зэманым кьигъэльэгъуэнущ. Нэгъабэ дызыхэта зэфIэзэрыкьыныгъэм кьыхуигъэзэжну сыхуейтэкъым, ауэ мы илъэсри нэхъ тыншу щытыну кьыщIэкIынукъым. Ауэ дыщыгугъынщ ди Iуэхуэр куэдкIэ нэхъыфIу кьыщIидзыну».

Журналистэр игъэIейтейр «Тарч» командэм щIэдзэжгуну щIыпIэм. А упщIэм жэуап щритым, Налшык клубым и гъэсакIуэм Мэшыкъуэм, Балэм, Кьэжэрым, Ятченкэ, Филатовым, Джудович сымэ зэгурыIуэныгъэ зэрыращIылар. ЩIэуэ кьыхьхьахэм ящыщу ди командэм щыджэгунущ Кочубей, ивуарийцхэу гъуащхьэхъумэ Камарэ, гъуащхьауэ Блаиью, езым и къэралым и командэ кьыхэхам и гъуащхьэхъумэ Коне.

ГъэсакIуэ нэхъыщхьэм жиIащ командэм афIэкIа хэщIыныгъэ имыгъуэтыным зэрыщыгугъыр. «Дэ тхэкIыжакIэщ нэгъабэ ехъулIэныгъэ хэлъу джэгуауэ щы. Ахэр - Риккардэ Хесус, Файзулин, Пилипчук сымэ», - кьыгъэлъэгъуащ Красножан.

Пресс-конференцым Красножан щытепсэлъыхьащ Пилипчук Сергей «Химки» командэм зэрыкIуа щыкIэм. Абы зэрыжиIамкIэ, Украинэм щыщ щIалэр Москва и «Спартакым» хьыхьну и мурадащ, арщхьэкIэ Торбинскэр нэгъэущI клуб кIэнэр кIыхьлIыхь щыхъуэм, Пилипчук и агентхэм, Iуэхур зэфIэкIыным пэмыплъэу, ар Москва командэм пащIащ. Торбинскэм и Iуэхур зэфIэкIакIэщ, абы кьыхэкIыуи Красножан хуигъэфэщащ Пилипчук Москва и «Спартакым» кьыхэхутэнкIэ хъуну.

Апхуэдэу белджылы хъуащ зи чэзу ежьэгъуэм цIыху 34-рэ зэрыздрашэжьэнр. Тыркум зыщыщIэзгъэсэнухэм яхэтщ футболист ныбжьыщIэ зыбжанэ. Премьер-лигэм щыджэгу хъунущ 1988 гъэм кьалъхуа щIалэхэри. Абы кьыхэкIыу зыхуэIуа щыIэкъым а ныбжьыщIэхэм ящыщ гуэрхэр джэгуплI губгъуэм кьелъытэ зэкIэ абыхэм куэдкIэ уащыгугъ мыхьну: псори зытещIыхьар иужькIэ топджэгу нэс кьахэкIыныкIэ щыIэ гугъапIэрщ.

«Ар ди кьалэн нэхъыщхьэу щытын хуейр премьер-лигэм зыкьыхэдгэныркъым. Ар кьыдэхъуплIэнрэ кьыдэмыхъуплIэнрэ зэманым кьигъэльэгъуэнущ. Нэгъабэ дызыхэта зэфIэзэрыкьыныгъэм кьыхуигъэзэжну сыхуейтэкъым, ауэ мы илъэсри нэхъ тыншу щытыну кьыщIэкIынукъым. Ауэ дыщыгугъынщ ди Iуэхуэр зэрыкIуэну кьудкIэ нэхъыфIу кьыщIидзыну».

Журналистэр игъэIейтейр «Тарч» командэм щIэдзэжгуну щIыпIэм. А упщIэм жэуап щритым, Налшык клубым и гъэсакIуэм Мэшыкъуэм жиIащ: «Сэ абы сегупсысакъым. ЗэIуцIэр щрагъэжьIэкIыну щIыпIэм дыкIэнунущ. Си гугъэкъым мыбы гугъуехь гуэрхэр кьыхэкIыну».

Пресс-конференцым и кIэм Красножан Юрэ ди командэм кьыдэщIэкъм фIыщIэшхуэ яхуищIащ. «Сыхуейт ди стадионым дяпэкIи апхуэдэ щытыкIэ щыIэну. Пэжщ, прессэм игъэIуащ ди цIыхухэр Iэубыдыпlэншэхэу, арщхьэкIэ дэ хуэунэт тхуэзэфIэкIынущ. Хуабжьу сыхуейщ дэ зыулин, Пилипчук сымэ», - кьыгъэлъэгъуащ Красножан.

Пресс-конференцым Красножан щытепсэлъыхьащ Пилипчук Сергей «Химки» командэм зэрыкIуа щыкIэм. Абы зэрыжиIамкIэ, Украинэм щыщ щIалэр Москва и

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**